


# ЖАЗБА МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАРДЫҢ ЖЫЙНАЛЫЎ ТАРИЙХЫНАН ( ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ ФУНДАМЕНТАЛ КИТАПХАНАСЫ МЫСАЛЫНДА )

**Айтымова Улмекен Аймуратовна**
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими фундаментал китапхана баслығы
**Айтымова Дилбар Аймуратовна**
Өзбекстан Мәмлекетлик Көркем өнер ҳәм мәдения институты Нөкис филиалы “Китапхана искерлиги” кафедрасы доценти
https://doi.org/10.5281/zenodo.19353035

ARTICLE INFO

Qabul qilindi: 22-mart 2026 yil
Ma’qullandi: 26-mart 2026 yil
Nashr qilindi: 31-mart 2026 yil

KEYWORDS

*қолжазба фонд, мәдений мийрас, китапхана, архив, илимий дәреклер..*

ABSTRACT

*Мақалада қолжазбалар фондының қәлиплесиў тарийхы,оның басқышлары ҳәм раўажланыў факторлары анализ етиледи.Әййемги дәўирлерден баслап, орта әсирлер, жаңа дәўир ҳәм ғәрезсизлик жылларында қолжазбаларды жәмлеў,сақлаў ҳәм изертлеў қублыслары жарытылған.*

Ҳәр бир цивилизациялы жәмийет ушын миллий мәдения ҳәм руўхый мийрасты сақлаў ҳәм раўажландырыў әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып есапланады.Халықтың дүньяға көзқарасы, тарийхый яды, руўхый қәдириятлары оның мәденияты ҳәм әдебий мийрасында сәўлеленеди. Усы көзқарастан, халық аўызеки әдебияты ҳәм қолжазбалар-өтмиш пенен бүгинди байланыстыратуғын, тарийхый ҳақыйқатты анықлаў имканиятын беретуғын әҳмийетли дереклер болып есапланады.

Жаңа жәмийетти қурыўда, өзимиздиң миллийлигимизди тиклеўде халықтың руўхый байлығына сүйениў мәмлекетимиз сиясатының баслы бағдарларының бири етип белгиленген [2,113].

Ҳәзирги дәўирде Ўатан тарийхының ҳәр қыйлы дәўирлериндеги социаллық-экономикалық ҳәм сиясий процесслерди дәслепки мағлыўматлар тийкарында үйрениў айрықша әҳмийетке ийе. Бундай изертлеўлер ҳақыйқый тарийхый жуўмақлар шығарыў, миллий мийрасты илимий жақтан баҳалаўға жол ашады. Елимиз тарийхының түрли дәўирлердеги турмысын үйрениўде китапханаларда сақланып атырған қолжазбалардың орны айрықша.

Қолжазбалар - адамзаттың мәдений мийрасының ажыралмас бөлеги болып, оларды сақлаў ҳәм үйрениў жәҳән илимий жәмийетшилигиниң тийкарғы ўазыйпаларының бирине айланды.Қолжазбалар фондын қәлиплестириў процесси жәмийеттиң раўажланыўы ҳәм мәдений факторларға, сондай-ақ, жазыў мәденияты ҳәм илим-билимниң раўажланыўына байланыслы болған. Жазба мийраслар илим, әдебият, дин ҳәм философия тараўларындағы тарийхый жетискенликлерди бүгинги әўладқа жеткерип беретуғын баҳалы дәрек болып есапланады.

Халық аўызеки әдебияты болса миллеттиң руўхый дүньясын, дүнья танымын ҳәм турмыслық тәжирийбесин сәўлелендиретуғын көркем мийрас. Усы қөз қарастан, қарақалпақ халқының фольклорлық мийрасларын жыйнаў, сақлаў ҳәм үйрениў, сондай-ақ, қолжазбалар фондының қәлиплесиў тарийхын изертлеў илимий жақтан әҳмийетли бағдарлардың бири болып табылады.

Бул изертлеўдиң мақсети жазба мәдений мийраслардың жыйналыў тарийхы ҳәм сақланыўын Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң фундаментал китапханасы фонды тийкарында көрип шығыў, сондай-ақ, қолжазбалардың тарийхый-мәдений ҳәм илимий әҳмийетин анықлаўдан ибарат.

Қолжазбалардың дәслепки үлгилери жазыўдың пайда болыў дәўирлерине тийисли. Бизиң эрамызға шекемги әсирлерде папирус ҳәм пергаментке жазылған текстлер дәслепки қолжазбалар сыпатында қәлиплескен. Ислам цивилизациясының раўажланыўы қолжазба мәдениятының жаңа басқышқа көтерилиўине хызмет етти. Араб әлипбесиниң кең тарқалыўы, қағаз ислеп шығарыўдың ҳәм китап дөретиўшилигиниң раўажланыўы қолжазбалар санының артыўына тийкар болды.

Орайлық Азия аймағында зардуштийликке байланыслы мағлыўматлар, әййемги түркий естеликлер ҳәм буддалық текстлер қолжазба түринде сақланған. Бул дәўирде қолжазбалар диний ҳәм административлик әҳмийетке ийе еди. IX-XV әсирлерде Орайлық Азия ири илимий ҳәм мәдений орайға айланып, қолжазбалар медреселер, мешитлер ҳәм сарай китапханалары арқалы кеңнен тарқатылды. Бул дәўирде фондлар илимпазлар ҳәм ойшыллардың жеке топламлары тийкарында қәлиплести.

Елимизде XVIII-XIX әсирлерде қолжазбаларды системалы топлаў ҳәм сақлаў жумыслары басланды. Китапхана ҳәм музейлер фондлары қәлиплесе баслады. XX әсирде қолжазбалар орайластырылды, каталогластырыў ҳәм реставрация жумыслары әмелге асырылды. Қолжазбалар фондлары усы байлықларды системалы рәўиште сақлаў ҳәм әўладларға жеткизиў ўазыйпасын атқарады.

Қарақалпақлар тек Орайлық Азияда ғана емес,ал улыўма дүньяжүзи халықлары арасында да өзиниң миллий мәденияты, дәстүрлери,үрп-әдетлери менен кескин ажыралып туратуғын,оғада бай руўхый қәдириятларға ийе халық болып есапланады.Өзиниң әййемги ҳәм бийтәкирар мәденияты менен жәҳән цивилизациясына үлкен үлес қосқан ата-бабаларымыз жүдә көп түрли жанрлардан ибарат фольклор дәстүрлерин жаратқан. Тарийхты үйрениўде өтмиштиң ҳақыйқый гуўалары болған қолжазбалар ҳәм олар сақланатуғын фондлардың әҳмийети теңсиз.Усындай фондлардың бири Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими китапханасының қолжазбалар фонды болып есапланады.

Қолжазбалар қорында бүгинги күнге дейин жыйналған халық аўызеки дөретпелериниң барлық жанрдағы үлгилери сақланады.Олардың айрымлары ески тасбаспа ҳәм қолжазба дереклерден алынған фотокөширмелердиң нусқалары болса,гейпаралары араб-парсы тиллериндеги каллиграфиялық нусқалардан ямаса баспа жүзин көрген ески китаплардан ибарат.Миллий қолжазбалар қорының тийкарын экспедициялар ҳәм дала жазыўлары барысында жыйналған мағлыўматлар қурайды.Булар информаторлардан жазылып алынған,информаторлардың өзлери жазып тапсырған ҳәм басқада материаллардан ибарат.

Қарақалпақ халық ауызеки әдебиятын жыйнаў ҳәм жәриялаў жумыслары тийкарынан үш сиясий дәўирди өз ишине алады.Бириншиси, Патша Россиясы дәўири ҳәм ханлық дәўир. XVIII әсирдиң бирinши ярымының соңғы жыллары ҳәм екинши ярымы, XIX әсир толығы менен,XX әсирдиң дәслепки жыллары арнаўлы түрдеги экспедициялар болмасада, белгили мақсетлер менен Орайлық Азияға келген инженерлер,топографлар ҳәм әскерий хызметкерлер тәрепинен халкымыздың руўхый мийрасларына тийисли мағлыўматлар азлап болсада жыйналған.Мәселен 1740–1741-жыллары Орсктен Хийўаға шекем саяхат сапарында Муравин ҳәм Гладышевлар Сырдәрья қарақалпақларынан халық ауызеки дөретпелериниң бирнеше үлгилерин жазып алады. Буннан кейин П.Рычков, Н.Каразин, А.Россикова, Ш.Ўәлийханов, А.Кун, Риза Кули Мирза, И.Беляев, А.Диваев ҳәм тағы басқалар бир қанша фольклорлық материалларды жыйнаўға,олардан үзиндилерди жәриялаўға ериседи [1,3].

Қарақалпақ фольклоры үлгилерин комплексли түрде жыйнаў жумыслары 1926-жылы Н.А. Баскаков,1927-жылы А.С. Морозова,1929-жылы А.Л. Мелков,1930-жылы С.Е. Малов,1932-жылы А.Соколов катнасыўындағы бирнеше фольклорлық ҳәм диалектологиялық экспедициялар шөлкемлестирилип,олар қарақалпақ халық дөретпелериниң барлық түрлеринен үлгилер жыйнаўға ериседи [1,17].

Белгили тюрколог алым Н.А.Баскаков көрнекли тилши-алым С.Е.Малов басшылығындағы экспедицияғада қатнасты [Баскаков Н.А. 1930 , 4-5]. С.Е. Маловтың сол экспедиция жуўмақлары бойынша жазған “Заметки о каракалпакском языке” атлы мийнетинде балалардың бармақтартпай ойынында айтылатуғын атамаларғада дыққат аўдарылған [ Малов С.Е. 1966 , 38,40-41].

1896-жылы белгили фольклорист,этнограф А.А. Диваев Төрткүлде жасаўшы Жийемурат Бекмухаммед улынан “Алпамыс” дәстанын жазып алып, оның биринши бөлимин 1901-жылы Ташкентте қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде баспадан шығарады. И.А. Беляевтың 1903-жылы қарақалпақ фольклорын жыйнаў ҳәм изертлеў ушын Қарақалпақстанға келиўи миллий фольклорымызды изертлеўдеги дәслепки қәдеми болды.Ол “Едиге”, “Коблан”, “Қарақалпақлардың шежиреси” сыяқлы эпикалық шығармаларды жыйнап, рус тилине аўдарып,1917-жылы Ашхабадта басылып шыққан “Рус археологиялық жәмийетиниң мәжлиси ҳәм қарарлары баяннамасы”нда жәриялады. 1926-жылдан баслап профессор Н.А. Баскаков Қарақалпақстанға келип,республиканың арқа районларында көплеген фольклорлық материаллар жыйнады.

Қ.Айымбетов 1929-жылы август айында экспедиция баслығы А.Л. Мелков пенен бирге Шымбай қаласында этнографиялық экспедицияда жүрип, Ерполат жыраўдан “Едиге” дәстанын төрт күн даўамында жазып алып, бул қолжазбаны Ленинградқа почта арқалы жибереди.Бул қолжазба өзинде қалмағаны себепли,1934-жылы екинши рет “Едиге” дәстанын жазып алады ҳәм 1935-жылы Москвадағы “Көркем әдебиятлар” баспаханасында басып шығарады. К.Айымбетов 1934-жылы Шымбай қаласында Төре жыраўдан “Мәспатша” дәстанын, Хожамберген жыраў Нияз улынан (Өгиз жыраў) “Алпамыс” дәстанын ески араб имласында жазып алады.

1930-жылы Қарақалпақстанға С.Е. Малов басқарған экспедиция келип,оғада көп фольклорлық материаллар жыйнап алды [1,141].

1937-жылы Қарақалпақстан Экономика ҳәм мәденият илим-изертлеў институтының ашылыўы менен қарақалпақ фольклоры материалларын жыйнаў мәселеси жаңа басқышқа көтерилди.Усы ийгиликли иске халық аўызеки дөретиўшилиги менен кызығыўшы Қ.Айымбетов, О.Кожуров, Ш.Хожаниязов, С.Мәўленов ҳәм т.б қатнасты.

1959-жылы Тарийх,тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институтының шлкемлестирилиўи менен халық аўызеки дөретпелерин жыйнаў исиниң келеси дәўири басланды.Жергиликли кадрлар қатарының өсиўи,олардың миллий руўхый мийрасларды жыйнаўға белсенди түрде араласыўы арқасында бул әдиўли ўазыйпа инабатлы атқарылды [1,18].

1947-жылы Қарақалпақ комплексли илим-изертлеў институты шөлкемлестирилген.Соңынан 1959-жылы Өзбекстан ССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалы дүзилген. Филиал қурамында Фольклор секторы жумыс алып бара баслаған.

1940–1970-жыллары аралығында Н.Даўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институты фольклор секторының, соңынан фольклор бөлимниниң қәнийгелери тәрепинен Қарақалпақстан Республикасының аймақлары ҳәм Өзбекстанның қарақалпақлар жасаўшы Бухара, Самарқанд, Әндижан, Наманган областларына фольклорлық экспедициялар шөлкемлестирилген. Усы экспедициялар даўамында халық арасынан қарақалпақ фольклорлық мийрасына тийисли экспедиция материаллары жыйналған. Соңынан бөлимде фольклорлық материаллар қолжазбалар фонды дүзилген. Қарақалпақ жыраў-бақсыларынан 150 нусқа қарақалпақ халық дәстанларының текстлери, сондай-ақ, қарақалпақ жыраў-бақсыларының атқарыўындағы қарақалпақ халық дәстанларының аудио жазыўлары әмелге асырылған. Усы аудио жазыўлар тийкарында бөлимде Миллий музыка фонды шөлкемлестирилген.

Институттың қарақалпақ фольклоры бөлиминиң жанындағы даўыс жазыў студиясында 1960- жыллары жазып алынған жырау-бақсылардың репертуарлары жаңа ленталарға көширилди [2,113].

Өткен әсирдиң 20-жылларынан баслап 1990-жылға шекемги аралықта қарақалпақ фольклорының ең жақсы үлгилери жыйналды ҳәм олардың таңлаўлылары баспадан шығарылды. Әсиресе 1920-жыллардың өзинде-ақ халық дәстанларын, ертеклер,нақыл-мақаллар,халық қосықларын жазып алыў жумыслары қолға алына баслаған еди. Бул бағдарда сол дәўирдиң зыялы алымлары-Қаллы Айымбетов, Сәдирбай Мәўленов, Шәмшет Хожаниязов ҳәм тағы басқалар белсендилик көрсетти .Сәл кейинирек Николай Александрович Баскаковтың қарақалпақ тилин изертлеў мәселелери бойынша жыйналған мағлыўматларының барлығы дерлик халық аўызеки дөретпелериниң үлгилеринен ибарат болды ҳәм көпшилиги транскрипцияланган түринде жарық көрди.Сондай-ақ, Сейфулғабит Мәжитов, Нәжим Дәўқараев, Асан Бегимов, Қасым Әўезов, Наўрыз Жапақов сыяқлы миллий фольклорымыздың жанашырлары оларды жыйнаў менен биргеликте баспада жәриялаў жумысларын алып барды.

Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерин жыйнаў жумыслары ҳәр қандай тосқынларға қарамастан,миллий фольклорымыздың ҳасыл үлгилери халық мийрасы сыпатында жыйнала баслады.Жергиликли миллет қәниге-алымларынан Қ.Айымбетов

бир қатар дәстанларды, аңыз-әңгимелерди, нақыл-мақалларды халық аўзынан жыйнап алыўға ҳәм олардың гейпараларын жәриялаўға еристи.Соң бул жумыс Сәдирбай Мәўленов, Шәмшет Хожаниязов сыяқлы халық аўызеки әдебиятының ҳәм классикалық әдебияттың жанкүйерлери тәрепинен және де кең ҳәўиж алып, әдеўир алға илгерледи. Жыйналған мағлыўматлар тийкарында фольклористикалық бағдардағы дәслепки илимий бақлаўлар, пикирлер, жумыслар жүзеге келди.Усындай миллет мәпи ушын хызмет ететуғын йигиликли изертлеўлердиң баслаўшылары Нәжим Дәўқараев, Қаллы Айымбетов, Орынбек Кожуров сыяқлы зәбердес алымлар болды.Усы тараўда олардың избасарлары сыпатында ис алып барған ҳәм қарақалпақ фольклористикасы илимин раўажландырған Қабыл Мақсетов, Наўрыз Жапақов, Қырықбай Байниязов, Артық Кәримов, Қалбай Мәмбетназаров, Айдар Муртазаев, Минажатдин Низаматдинов, Төребай Нийетуллаев, Әсен Алымов, Сарыгүл Баҳадырова ҳәм басқада көплеген алымлардың хызметлери айрықша көзге тасланды. Олар миллий фолькористика илиминде үйренилиўи тийис болған машқалалы мәселелердиң бетин ашыўға ҳәм қарақалпақ аўызеки дөретпелериниң дүнья жүзлик көлемдеги орнын белгилеп бериўе еристи.“Қырық қыз” ҳәм “Едиге” дәстанлары бойынша халықаралық илимий-теориялық конференциялар шөлкемлестирилип, қарақалпақ халқының руўхый мийрасларын дүнья жүзлик көлемде үйрениўге жол ашылды.

Халық арасынан жазба әдебий мийрасларды жазып алыўда ҳәм колжазбалар фондының қәлиплесиўинде К.Айымбетов, Ш.Хожаниязов, С.Мәўленов, Т.Сафиев, А.Кәримов, Қ.Мақсетов, А.Жамалов, А.Бегимов, Н.Жапақов, Ә.Шамуратов, А.Әлиев, Қ.Байниязов, Ә.Султанов, К.Нағымов, К.Әбибуллаев, Қ.Мәмбетназаров, Қ.Әбдижамилов, Г.Есемуратов, С.Бекназаров, М.Сейтниязов, Ө.Ерполатов, Б.Сайыпназаров, Ә.Жамалов, С.Садықов, З.Қосжетеров, Б.Сайыпназаров, А.Жамалов, У.Досжанов, А.Әбдиреймов, Р.Хожамберген, Ж.Хошниязов, К.Келимбетов, Ж.Әбдикаримов, Р.Қайыпназаров, Н.Өтениязов, Б.Ешимбетов, К.Ерназаров сыяқлы миллет мәнаўиятының жанкүйерлериниң мийнети айрықша.

Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты ҳәзирги күнге шекем республика аймағында ҳәм елден тысқары орынларға фольклорлық экспедициялар шөлкемлестирип, соның барысында бир қатар халық аўызеки үлгилерин, дөретпелерин, басқа да қызықлы материаллар топлаған. Бул материаллар Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими фундаментал китапханасының қолжазба фондының тийкарғы бөлегин қурайды. Қолжазбалар фондының қәлиплесиўинде Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими илимпазларының мийнет уллы ҳәм олар тәрепинен жыйнап алынған жазба ҳәм аўызеки мийраслар әсирлер даўамында келешек әўладларға хызмет етиўи сөзсиз.

Жуўмақлап айтқанда, жазба мәдений мийраслардың жыйналыў тарийхы ҳәм сақланыўы-халықтың руўхый ҳәм мәдений раўажланыўын белгилейтуғын әҳмийетли илимий процесс болып есапланады. Қолжазбалар ҳәм фольклорлық мағлыўматлар әсирлер даўамында халықтың тарийхый ядын ҳәм дүнья танымын сақлап, бүгинге шекем баҳалы мәлимлеме дереги сыпатында жетип келген.Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң фундаментал китапхана фонды бул бағдардағы ең әҳмийетли илимий орайлардан бири болып есапланады. Онда сақланып атырған жазба ҳәм аўызеки мийраслар миллий мәдениятты үйрениўге, тарийхый

дереклерди систематаластырыўға ҳәм илимий айланысқа киргизиўге үлкен имканият жаратады.Сонлықтан, жазба мәдений мийрасларды сақлаў, изертлеў, санластырыў ҳәм келешек әўладқа жеткериў бүгинги илим ҳәм мәдений алдындағы eң әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып қалады.

**Пайдаланған әдебиятлар:**

1.Халық аўызеки дөретиўшилиги миллий ҳәм улыўма инсаный кадриятлар системасында . – Нөкис: 2015. –176 б.

2.Тезисы Республиканской научно-практической конференции “Наука Каракалпакстана вчера,сегодня,завтра”,посвященной 50-летию Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан.-Нукус: Илим, 2009.-192 с.

3.Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси ижтимоий –гуманитар фанлар комплекси муассасаларини ривожлантириш концепциялари .- Тошкент: 2006.-175 б.

4.Ўзбек фольклори контекстида Бухоро фольклорини регионал тўплаш ва ўрганиш муаммолари.-Бухоро:2010.-212 б.

INNOVATIVE ACADEMY